



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN KANPAY KÒLÈK JWÈT, MANTO AK MATERYÈL ESKOLÈ NAN SEZON FÈT LA POU SIPÒTE NOUYÒKÈ KI NAN BEZWEN YO**

***1,435 don yo kolekte pral jwenn fanmi yo atravè tout 10 rejyon Eta New York yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann kanpay anyèl don nan tout eta New York pou benefisye fanmi ki nan bezwen atravè tout 10 rejyon yo nan eta a. Nou te kolekte don nouvo jwèt, manto ak materyèl eskolè ki pa anbale yo pou kapab ede òganizasyon kominotè yo pandan sezon don fèt la.

"Avèk sezon fèt la ki rive sou nou, lespri fè don an byen vivan nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye tout moun ki te patisipe pou gwo jenewozite yo, ki pral pote lajwa ak kontantman fèt la nan fanmi yo ki plis bezwen li".

Gras ak lokal depo yo ke Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la te etabli, gen 1,435 don ki te fèt, ki gen ladan 1,022 jwèt. Jwèt, manto, vès ak materyèl eskolè ak ekipman pou ivè ke yo pral distribiye bay fanmi yo ki nan kominote defavorize yo toupatou nan eta New York pa òganizasyon kominotè yo tankou United Way of New York State.

**Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare,** "OGS fyè pou l sipòte kòlèk jwèt, manto, ak materyèl eskolè nan sezon fèt la nan Eta New York, epi mwen ta renmen mete ak Gouvènè Hochul pou m remèsye tout Nouyòkè jenere ki te fè yon don pou kòz enpòtan sa a. Ouvri kè nou epi fè don bay lòt yo se rezon sezon fèt la".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418